

Yoonu Muriid

Alhaaji Mbàkke moo ko dajale ngir jullit yépp jariñu ci.

Yal na ko Yàlla nàngu ci barkeb Sëriñ Tuubaa, Qāda lahu l-Lāhu mā alkhtāra lahū.

Dā'iratu Kanzu l-Muhtadīn

Contacts:

77 976 20 97

76 695 06 45

70 8 09 63 65

SINKIMPRESSION.COM

[Page 1]

Bismi l-Lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi

Allāhumma laka l-ḥamdu ḥamdan khālidan ma‘a khulūdika,
wa laka l-ḥamdu ḥamdan lā muntahā lahū dūna ‘ilmika,
wa lakal ḥamdu ḥamdan lā jazā’ a li qā’ ilihī illā riḍāka,
wa lakal ḥamdu ḥamdan illā muntahā lahū dūna mashī’atika,
wa ṣalla l-Lāhu ta‘ālā ‘ālā Sayyidinā wa mawlānā
Muḥammadin, wa ālihī wa ṣaḥbiḥī wa khayri khadīmihī, wa sallama
taslīman.

Sunu Boroom mi nga xam ne moo digle ñu sànt ko ci
tééréem bu tedd ba wax ne: “Wa quli l-ḥamdu li l-Lāhi l-ladhī
lam yattakhidh waladan, wa lam yakun lahū sharīkun fi l-Mulki,
wa lam yakun lahū waliyyun mina l-dhulli, wa kabbirhu takbīran.”
Lañuy ñaan mu tawfeexal ñu ngénéeli ku ko sànt
nam ko wara sànte, te koy ñaan mu dolli yonent bi,

[Page 2]

ṣalla l-Lāhu ta‘ālā ‘ālayhi bi ālihī wa ṣaḥbiḥī wa sallama,
xéewal yu sax dàkk, mooki ñoñam, aki saabaam.
Ginnaaw loolu, maa ngi wax ne war na ku xam dara lum tuuti
tuuti nga koy laabiire say mbokki jullit, di leen ci
yee ndax yonent bi, ṣalla l-Lāhu ta‘ālā ‘ālayhi
bi ālihī wa ṣaḥbiḥī wa sallama, nee na “Al-dīnu naṣṭḥatu,”

diine mooy laabiirante; gannaaw bi Sunu Boroom waxee ne,
“Kuntum khayra ummatin akhrijat li l-nāsi tāmūrūna bi l-ma‘rūfi,
wa tan hawna ‘āni l-munkari, wa tūminūna bi l-Lāhi.”

Loolu doŋ moo waral may bind lii. May bind ginnaaw
bi ma ci fasee muy lëggéey ci lëggéeyi Sëriñ Tuubaa,
qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra lahū, tey ñaan Sunu Boroom
mu may ñu ci lu kawee sunu njort. Maa ngi jéggalu ñépp
ci lii may bégga wax, tey ñaan ñépp ñu jàpp ne

[Page 3]

benn taalubeb Sëriñ Tuubaa, qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra
lahū, bu tudd “Alhaaji Mbàkke” rekk moo jóg di wax
ci ndimbalul Sunu Boroom ak barkeek Sëriñ Tuubaa,
qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra lahū, ngir laabiir ak lëggéeyal
Sëriñ Tuubaa, qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra lahū. Ku ci
gis loo xam ne du waxi Sëriñ bi, du waxi Yallaak yonnent bi,
şalla l-Lāhu ta‘ālā ‘ālayhi bi ālihī wa şahbihi wa sallama,
na sànni ca àll ba, bu ko neexul. Sëriñ Tuubaa nak,
qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra lahū, nee na:

“Man sarrahu l-akhdhu ‘ani l-mukhtāri,

şalla ‘alayhi wāhibu l-ashtāri,

fal yatruki l-inkāra wa l-takabburā,

Yā khudh kamā akhadha ‘anhu l-kubarā.”

Li waral lii nak, damaa gis ne yëfi Sëriñ Tuubaa,
qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra lahū, kanam rekk lay jëm,

[Page 4]

du dellu ginnaaw; te luy dolliku te du waññiku amul fu muy
yem. Gis itam mu mel ñu bari ci ñiy ñów, duñu
xam dëgg-dëggi yoon wi, booleek am yééné lool.
Ñi nga xam ne ñoom lañ fekk ci yoon wi itam, doon ay
Xaaj. "Teg dëgg di genn." Loolu di lu mëna gaawa
ubb xelum nit, doonte waxu ko. Ñu bari ci ñi nekk
ci yoon wi itam xamuñu ko. Xamuñ li ko sos.
Mu mel ni kon dañoo wara dellu fañ jógewoon, jàngaat
ko ba xam ko boole kook li teew, ndax ñu mëna xam
liñ nekk lan la, ak nan lañ ciy doxe.
Bu neexe Yàlla, Sunu Boroom, laabiir gii ci foofu lay jëm.

Yoonu Muriid

[Page 5]

Yoon la wu jëm ci Yàlla, Sunu Boroom, subḥānahū wa ta'ālā,
wu tegu ci Alxuraan ak sunnas yonent bi, şalla
l-Lāhu ta'ālā 'ālayhi bi ālihī wa şaḥbihī wa sallama.
Ki ko feeñal fii mooy Sëriñ Tuubaa, qāda lahu l-Lāhu
mā akhtāra lahū, mi ñépp xam, ci ndigëlul yonent bi,
şalla l-Lāhu ta'ālā 'ālayhi bi ālihī wa şaḥbihī wa sallama,
ci atum junni ak ñetti téeméer ak benn ci gàddaayug
yonent bi, şalla l-Lāhu ta'ālā 'ālayhi bi ālihī wa şaḥbihī
wa sallama, la jot ndigël loolu (Irwā'u l-Nadīm mu Sëriñ Móodu Lamiin Jóob Dagana).
Moo tax ma ne yonen bi moo ko jox ndigël ci Asashi,

ne ko : “Jógal woo nit ñi, ñéppey wuyusi.”

Ginnaaw bim nekke ku ñépp xam ci xam-xam ak ragal Yàlla,

[Page 6]

Sunu Boroom, ak sàmmonte ak xeñtu yoonu sahaaba ya,

raḍiya l-Lāhu ta ‘ālā ‘anhum, bim jotee ndigël loolu

te mooy setal nit ñi ci mbooléem lu bon, tàkkaayal leen

mbooléem lu baax, la jóg taxaw wax ne: “Yonent bi, şalla

l-Lāhu ta ‘ālā ‘alayhi bi ālihī wa şahḥbihī wa sallama, damaa digal

may yar nit ñi bañ mēna xam Yàlla, Sunu Boroom.” Ñu néew

ñu ñiy wāññi ànd ak moom. Mu daal di wax ne:

Lii mooy meloy Muriid bu dëggal:

“şifātu şādiqi l-Murīdi bi akhtişār

arba ‘atun naẓamtuhā khawfa aghtirār

al-şidqu fī mahabbati l-shaykhi abad

thumma amtithālu amrihi ḥaythu warad

wa tarku l-i ‘tirāḍi muṭlaqan wa law bi bāṭinin ‘alayhi fimā qad rawaw

[Page 7]

wa ma ‘ahu salabu l-ikhtiyāri

li ḥusni ẓannahī bi l-inkāri.”

1. Bi ci njëkk mooy sopp, ndax mēneefuta jariñu cib

Sëriñ te soppoo ko sopp gu wér te Yàlla tax.

2. Ñaareel ba mooy topp ndigëlam saa su diglee.

3. Ñetteel ba mooy bàyyi koy diiṅat ci saw làmmiñ

ak sab xol

4. Ñenteel ba mooy baña tànnal sa bopp darra, jël
sa lépp jox ko ndax moo la gëna xam sa bopp.

Taalube yi, biñ ko toppee ci lii la mujj ñu dem ba kawe
seeni moroom ngir itte ji leen Sëriñ bi faggul. Xam
Yàlla lool, mëna jaamu Yàlla lool, seeni xol ak seeni
xel lépp set.

[Page 8]

Mu xamal leen ba tey ne ñett yii yu mënta ñàkk la:

Muy liggéey ak sopp ak joxe àddiyya.

“Ṭūbā li ‘abdin Murīdin ṣādīqin, lahumū

bi khidmatin, aw bi ḥubbin, aw hadiyyāti.”

Ndax nit ñetti xaaj la. Muy ay cër, akub xol,

ak ruu. Xol aki cër nak, ñoo ànd. Fu xol

jëm rekk, fa la cër yi jëm.

“Al-qalbu kā l-māliki fi l-a ‘ḍā’i

mahmā yamil tamil ma ‘a aqtidā’i.”

Ruu nak, kenn xamul lum doon. “Quli l-rūḥu mina amri rabbī.”

Sëriñ bi bim ñówee ab lëggéeyam foofu la ko jëme.

Muy yar ay cër, akub xol ba ruu mëna am doole.

Looloo tax mu daan

[Page 9]

Lëggéey

-loo taalube yi liggéey yu bari te wuute. Am na ñoo xam ne

da leen di bindloo ay kaamil, ndax bind

Alxuraan lu am jeexit ci xol la, ba mel na ni mook

déglu Alxuraan ñoo yem.

Am ñu miy bayloo, ndax Sunu Boroom du neenal

Dara. Fim ne yëngutu gu ne mënees na cee lëggéeyal

Yàlla. Moo tax Sëriñ bi daana ko digle; ak lée-lée

lu lew jafe ci geneen anam, te lekk lu lënt ak

lu araan day tilimal ab xol. Safaanub lu lew.

Am na ñoo xam ne ci ay soxlaam la leen di féetale.

Lépp di xam gum xam nit ñi ak seenug wuute, ak xam

gum xam ku ne la lay jagal. Su ko defee, lëggéey

[Page 10]

yooyu sell gi miy sell ngir jëmme Yàlla, Sunu Boroom, moo tax

dañ ciy am ay tëbbi leer yoo xam ne duñ ko am

ci leneen, di leen yokk ag [sopp].

Sopp

ndax sopp nitug Yàlla, Sunu Boroom, mi ngi sababoo ci leer

gu nekk ci yaw gu la gindi, wàlla leer gu nekk ci moom

nitug Yàlla gi, gu la xëcc. Sopp nitu Yàlla nak,

bu fekke daa sababoo ci leer gu nekk ci yaw, fàwwu mu fekkoon

sab xol set. Bu fekke ci nitug Yàlla kookee

la bàyyikoo nak, mën naa am te sab xol du set. Nga xam ne

bu la xéccee moo lay won yoon wi ngay jaar ba defaru.

Leer googu nak, niti Yàlla yépp am nañu ko:

“Al-nūru jalbin yajlubu l-marḥūmā, wa nūru salbin yaṭurudu l-maḥrūmā.”

[Page 11]

Li waral sopp am solo lool mooy daa gaaw ci defar.

Ndax ka nga sopp li ci ëpp lum la digal nga def ko.

Bu fekke mu xam Yàlla nak, da lay daal di tek ci yoonuw

defaru wu gaaw.

Mës naa wax nitug Yàlla gu baax ne ko: “Ñaanal ma ragal Yàlla.”

Mu ne ma: “Bàyyil ma ñaanal la sopp Yàlla, Sunu Boroom, ndax sopp mooy lépp.”

“Al ḥubbu khayru mā li shakhşin wuhibā

wa law kamithli mil'i l-arḍi dhahabā.

U'ṭitu hubba l-Muṣṭafā wa aktafi

bi dhāka man yu'ṭa kafāfan yaktafi

Ḥubbiya fi l-Lāhi wa bughḍi fih

Lii aw şalla mā kuntu aṣṭafih

Wajhu l-ladhī yuhibbunī yabyaḍḍu

Yawma wujūhu l-su'adā tabyaḍḍu

Qulūbu man lam yuḥibbūnī 'ālā wajalin

Wa lā yulākhūna mā rāmū wa l-albābā. ”

Te mooy tax [joxe àddiyya]

[Page 12]

Joxe Àddiyya

mi nga xam ne mënta ñàkk yomb ci yaw.

Joxe nak, li tax ñu koy def mooy sàkku ag sopp

ci Sëriñ bi, ak setal say bàkkaar, ak yeneen.

Sëriñ bi mat ab Sëriñ, saasu ne am xelam ci Yàlla, Sunu Boroom,

rekk lay nekk. Ag yëngoom akug dalam lépp ci Yàlla,

Sunu Boroom, rekk lay sax. Sax googu muy sax

ci Yàlla, Sunu Boroom, nak mooy mujj fàggul ko ag barkeel

ci léppam, ba lum laal mu barkeel. Lum bëgg, wàlla am xelam

jëm ci, Yàlla, Sunu Boroom, def ca lu kawé njortam.

Looloo waral ñuy joxe àddiyya ngir bëgga bégloo Sëriñ bi.

Seral xolam ba am xelam jublu ñu lum tuut-tuut.

Barkeelu yi ñuy laaj itam, bëgg barke moo ko waral,

[Page 13]

ndax nitug Yàlla day dem ba lum xool wàlla mu laal ko

wàlla mu xalaat ko, mu am barke, ni ma ko waxeewoon.

Ñett yii nak lum gëna sax xol bi, di gëna set. Looloo tax

mu ko daan digle, booleek [juróom yii]

Juróom yii

Mu ne bokk na ci li gëna gaaw ci setal ab xol, muy:

xiif ak jàng Alxuraan di ko settàntal, ak

toraxlu njël, ak taxaw guddi ak toogaaleek

ñu baax ñi. Yooyu laa woyoon fii:

Way xam ya ne nañu ab xol saafaraam bu wowie,

juróom la. Déglu ma maay leeral ci baat bu kawé :

feexal sa biir, jàng Alxuraan di seetlu bu wér,

toraxlu njël ak taxaw say guddi baat ba kawé.

[Page 14]

Toogak ñu baax ñi, di waaruy waare, loolu ku koy

saxal di mucc ci ràggiy xol, di làq kawé.

Am na ñoo xam ne ñaar fukki hizib la leen daan digal

ñu koy jàng. Am ñu miy digal juróom benn. Am ñu miy

digal fukk. Am ñu miy digal kaamil bis bu set.

Daana wax ne ñaar fukki hizib ku ko saxala jàng,

doo bañ kenn, doo iñaane kenn, te danga am Yaqiin, te loolu

lu tuuti la ci. Daana am itam, ay kaamil yu miy digle

ñu koy wàcce ci wuxtuy julli yi.

Xiif nak day loo xam ne day dimbali jaamukatu

Yàlla lool, te day waral leer mëna dugg bu baax te du am benn

jeexit, di yar ay cër ci bu gaaw. Moo tax Sëriñ bi

daana ko digle. Te mooy jumtukaay bi ñuy notee bàkkan.

[Page 15]

“Fa l-nafsu in ‘adat ‘alayka faju ‘i

Laka talin bi lā adhan wa waja ‘i.”

Am na ñu dem ci yar boobu ba duñ mëna weesu benn tibb.

Yar leen ci taxaw guddi bañ tàmm ko, ba mujji duñ nelaw

guddi lu dul lu néew. “Kānū qalīlan mina l-layli mā yahja ‘ūna.”

Booleek toraxlu ci njël yi, ba mujj seen léppiy Yàlla,
ba duñ mëna toogaaleek ku dul nitug Yàlla ni ñoom,
wàlla dana metti ci ñoom lool.

Dañ daa taxaw guddi tey waarooka xiif aka mar,
booleek toraxlooka jàng ak sànt, raw nanu ñu.

Fuñ tollu dañ daa dhikkar tey daw lu bon, du ñu wax
lu dul lu Yàlla gërëmloo. Ñooña ñoom ana ñu?

[Page 16]

Dañ daa xerawlooka sànt ak dëddu ak yenu tiis.

Seen jàppukaay ya du fendeek ndox nde ñoom dofuñu.

Duñ woote gennuk wilaaya aka weddi. Daawu ñu wut
ay taalubeeka lëjël ay mbir nde xàmme nañu.

Sëriñ bi nak daana wut ay

Barab yu wéet

yoo xam ne lim ci jublu mooy mën faa tarbiyya taalube yi
rekk. Ndégam ab léggéeyam mooy xol yi set, xam Yàlla.

Te xol di loo xam ne lu dox waar la, ndax bu setee itam, tàq

day lu ko yomb, ndax ñenti buntu yii muy xel,

ak nopp ak làmmiñ ak bët, lu ci ne am na ay tàq-tàq

yu gaawa tàqal yu ko fiy dikkal. Buñ seetee yooyu

yépp nak, mi ngi am cib jaxasoo, ndax cib jaxasoo

[Page 17]

ci la nit ki di gisee lum warta gis, ci la koy dégge,

ci la koy waxe, tambali koo xalaat. Su ko defee,

bu fekkoon xolam setoon, day daal di tambalee tàqaat fa saasa.

Bu fekke setutoon nak, day gëna muuru. Setal ko

di gëna jafe.

Sëriñ bi daana wax ne: "Fàggū ag leer, fàggū fang koy

defa ko gën." Moo tax ab yar di lu mënuta ñàkk.

Li ko waral, xol bu setee tey cër yaruwul, fawwu

day tàqaat ndax balaa yàgg cër yi def luñ warta

def. Saasuy cër yaroo nak, ab xol set defaru

gu dootu yàqu am na. Lum gëna sax nak ak defaru

di gëna am.

Yàlla, Sunu Boroom nak, ku koy defal te bàyyiwoo

[Page 18]

saa su ne, da lay gëna yokk. "Wa inna l-Lāha lahādi al-ladhīna

āmanū illā širāṭin mustaqīmin. Wa l-ladhīna jāhadū

finā lahdi yannahum subulanā." Looloo waral Sëriñ bi

mujj dem ba kum xool, wàlla mu lëggéeyloo la lu tuuti nga defaru,

defaru gu yàqu dootul topp. Am mbindam itam di taxaw

taxawaayu Sëriñub tarbiyya ci ki koy jàng.

"Kitābatī qā'imatun maqāma. Shaykhin murabbin yahabu l-maqāma."

Nga xam ne ba àddunay tukki, Sëriñ bi du fi jóg ci dhaahir

ak ci baatin:

"Abqāniya l-Lāhu li l-mukhtāri mu 'jizatan

kamā bihi li l-samā fawqa l-burāqi samā."

Ñim Defar

Itam duñ deñ di leeral saasu ne,

[Page 19]

ñooñee mu daan defar, di leen yar duñu deñ

di yar ñeneen. Leer yiy gindoo moo dib Sëriñ.

Fépp fu lëndëm ngir bidaa def na kok,

dana ko leeral cig njubam ba lépp jag.

Ndax ñooñu, ñaari leer yooyu ñuy wax day nekk ci ñoom.

Muy leerug xëcc ak leerug jeñ. Nga xam ni képp ku Yàlla,

Sunu Boroom nàmm sag jariñu, booleen gisee doo mënatee

tàqalikook ñoom, ngir ak sopp: “Inna l-ladhīna āmanū

wa ‘amilū l-ṣālihāti, sayaj ‘alu lahumu l-rahmānu wuddan.”

Di leen jox sa alal ak say doom, te doo ko saña bañ

ngir jëmme Yàlla, Sunu Boroom. Te alal ak doom ñooy ñaar

yi nit gëna bëgg. Am na sama mag ju tudd Sëriñ Xaadim,

mës na ma ne Sëriñ Tuubaa, qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra lahū,

dīndi na bëgg àdduna ci Muriid yi te yéguñu ko ndax:

[Page 20]

“Al-mālu wa l-banūna zīnātu l-ḥayāti l-dunyā.” Te ñoom lépp

lañuy joxe ba noppi di jooy, di jël seeni doom yu ndaw di ko (jébbële).

Jébbulu

Jébbulu nak, ci jamonoy yonent bi, ṣalla l-Lāhu ta ‘ālā ‘ālayhi

bi ālihī wa ṣaḥbihī wa sallama, la amoon. Ñu koy wax jaayante:

“Inna l-ladhīna yubāyi ‘ūnaka innamā yubāyi ‘ūna l-Lāha, yadu

l-Lāhi fawqa aydīhim.”

Nga xam ne bu ko kenn di def yonent bi, şalla l-Lāhu ta‘ālā
‘ālayhi wa sallama bi ālihī wa şaḥbihī, da lay wax liiy Lislām.
Boo ci mēnee ànd ak moom nga wax, boo ko mēnul bàyyi.
Ba léegi, li tax ab jullit di ko def cib Sēriñ du dara
lu dul roy sahaaba ya, raḍiya l-Lāhu ta‘ālā ‘anhum.
Ku ko def nak, war na lu la ka nga jébbēlu digal nga def ko.

[Page 21]

“Wa wajabat ṭā‘atu man yaqfū l-rasūl
şalla ‘alayhi man bihī bi yaḥbu bisūl
min ru‘asā’i dīni dhi l-kamāli
man lā yarā fihim siwā l-jamāli.”

Moom it warulaa digal lu dul ak njub. Kuy digle
wàlla muy tere ci bàkkanam, kum neex nga bañ koo top.

“Fa l-shaykhu lā yukhālifū l-mushafa‘ā
faman nahā amra l-murabbī, āntafa‘ā.”

Sēriñ bi nak bim defaree gaa yooyu ba noppi, teewul
ñu am ag wuute ci seen biir, li waral

Wuute

googu mooy, ku ci ne yoon wam la awale rekk ngay xam,
ci ngay aw, di ca jaarale say ñoñ. “Kullu ḥizbi bimā ladayhim farihūna.”

[Page 22]

Yoon yi jëm ci Yàlla nak, Sëriñ Tuubaa, qāda lahu

l-Lāhu mā akhtāra lahū, nee na toll na ne nuuy mbindéef yi.

“Kullu ya ‘malu ‘ālā shākilatihī fa rabbukum a ‘lamu bi man

huwa ahdī sablān.”

Muriid yi yépp ci yoonu Yàlla lañu awandoo.

Bul tàgg Mbàkke ba xas Shaykh Ibra. Bul farandoo.

Bul wax ci Maam Ceerno lëf, ndax yoon wu jub ca la jaar.

Mbay Saar amul sikk, ndax seen leer ya ñoo jafandoo.

Bàmbay ki xam ay Muriitam. Mooy ki leen yar itam.

Ku nekk jox na ko lum deñcal ña koy darandoo.

Ñoom ñépp cig jub la leen làggil. Amul ku ñu jam.

Céy yooya gaay ñoo ma yéem. Ñoo dikkandoo demandoo.

Àdduna nak Yàllaa ko binde ak soppiku. “Wa tilka alā yāmu

[Page 23]

nudāwiluhā bayna l-nāsi.” Nit it noonu. “Walā yazālūna

mukhtalifīna. Illā man raḥīma rabbuka.” Ba tax na ñooñu

buñ fi jóge li ci ëpp ñi leen di wuutu duñ mel

ne seen baay meloon. Ñi leen di topp itam noonu

duñ mel ne ña toppoon seen baay. “Awalam yarawā annā

nātī l-arḍa nanquṣuhā mina l-aṭrāfihā.”

Naka Pexe

Duma ne ku xamul fa nga jëm, dangay dellu fa nga jógewoon,

ndax buñ fa demee duñ fa fekk kenn!!!

Ku ne nak sañ naa wax gis-gisi boppam.

Man, li ma gis mooy ñu bàyyi lépp te dellu ci ñaar, def ko

cëslaay, te woo ci taalube yi muy: Alxuraan,

ak Qasiiday Sëriñ Tuubaa, qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra lahū.

[Page 24]

Te baña feeñal leneen, baña wax leneen. Woote nak

ku koy def, day fekk nga nekk ca la ngay woote.

“Wa mana aḥsanu qawlan mimman da ‘ā’ilā l-Lāhi wa ‘amila

ṣālihan wa qāla innanī mina l-muslimīna.”

Lislaam nak mooy li nga xam ne dara mēnta dem mu des.

Sëriñ Tuubaa, qāda lahu l-Lāhu mā akhtāra lahū, nee na: 1)

topp ndigël ak bàyyi tere mooy tambalib tarbiyya,

te mooy yéegé nit di ko tarqiyya:

“Kūnū muhibbīna li wajhi l-Lāhi

Subḥānahū wa li rasūli l-Lāhi

ṣallā wa sallam ‘alayhi l-bāqī.

dhūl irāḏīna l-sab‘i wa l-ṭībaqi

Ma‘ā idāmati ijtinābi l-nahyī

fa innahu l-da‘ī linūri l-nuhyi.

(1) Sopp te Yàlla tax ak yonent bi, ṣal‘am (ṣalla l-Lāhu ‘alayhi wa sallama) ak topp ndigël bàyyi tere, ak doyloo ko noonu mu ñëwe ci way yi.

[Page 25]

“Ma‘ā idāmati amtithāli l-amri

fa innahu l-da‘ī linaf‘i l-‘umri,

Ma‘ā iktifā‘i bi ijtinābin wa amtithāl

li wajhi mughnin qad ‘ālā ‘ānil mithal

tīhi mabādin assilat li l-tarbiyya

rāqiyatun illā intihā‘i tarqiyya.”

Ndégam léegi yëf yii lëj na, coow li bari na, nañ jël

Alxuraan mi nga xam ne moom la Sëriñ Tuubaa, qāda lahu

l-Lāhu mā akhtāra lahū, gënoona fonk di ko jàngal

taalube yi, ñu koy mokkal, di ko jàng tey jàng

Qasiida yi. Saa suñ ko defee dananu tēnku ci jaamu

Yàlla, Sunu Boroom, ak sopp ko ak topp sunnas yonnet bi,

şalla l-Lāhu ta‘ālā ‘ālayhi bi ālihī wa şahbihī wa sallama.

[Page 26]

Ndax neexul ba neexul, waaye fim ne ab sēriñ dēgg

néew na lool.

“In lam tulāqi muşliḥan faltaktafi

bi mā bihī naşsa khiyāru l-salafi.”

Ab taalube dēgg itam néew na lool.

“Idhi l-Murīdu lā yurīdu abadā

ghayra riḍā l-raḥmāni ḥaythu qaşadā.”

Moo tax ma ne:

Yeen gaa yi xam leen bu wér Shaykh Bàmba wan nañ yoon.

Nañ nekk benn te roy saawaam ya, tey dawi neen.

Ku nekk nay jàng tey woowiy moroom ci lu jub,

te féeeté cib sēriñam, tey jox ko, te tegu yoon.

[Page 27]

Kuy jàng ay qasidaam ak Alxuraan, da nga am

luy tax nga raw say moroom. Maay woote wuysiji leen.

Ɔoy leen ci Sëñ Bamba ndax doomam yi ñoo di loxoom,

ay qasidaam ñoo di tàmkam. Gaa yi yeen nàngu leen!

Allāhumma ʃali wa sallim, wa barik ʻālā sayyidinā wa mawlānā

Muḥammadin wa ālihī wa ʃaḥbihī wa khayri khadīmihī Aḥmad al-Khadīm.

10 ʃafar 1426, H

T-B-KH¹

Matbaʻatu ghalāmu l-Khadīm Sëriñ ʻĪsā Ñañ

[Page 28]

Seetukaayu Buntu yi	Xët yi:
Mandargam Tééré bi	1
Yoonu Muriid	4
Meloy Muriid bu Dëggal	6
Lëggéey	9
Sopp	10
Joxe Àddiyya	12
Juróom yiy Setal ab	13
Xol bam Set Wicc	

¹ T-B-KH stands for *Tunbaa-Belel Kbelcom*, a toponym.

[Page 29]

Seetukaayu Buntu yi	Xët yi:
Njariñul Daaray Tarbiyya	16
Ñi Sëriñ Tuubaa, qāda lahu	18
l-Lāhu mā akhtāra lahū, Defar	
Jébbulu	20
Wuuteeg Ñim Defar ci Dhaahir	21
Nuñiy Def Ñun Muriidi Léegi	23
Allāhumma ṣalli ‘ālā sayyidinā	
Muḥammadin ‘adada mā fi ‘ilmi	
l-Lāhi ṣalātan dā’imata bi dawāmi	
Mulki l-Lāhi	

[Page 30]

Man Muriid Laa Bu Jigéen

Bismi l-Lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi

Al-ḥamdu li l-ilāhi rabbi l-‘ālamīn,

thumma ṣalātu wa l-salāmu kulla ḥīn,

‘Alā l-nabī Muḥammadin wa ālihi

wa ṣaḥbihī ‘ibādi dhi l-jalāli.

Man ab Muriid laa bu jigéen di sonn

Di jéema fer ijji taxaw ne jonn

Xam naa ne Sëriñ Tuubaa damaa defal lu rëy

Loo xam ne nii lottal na ay baay aki ndéy

Saa su ma góor-góorloo ba fer ijji itam

Daay jàng Alxuraan di wéy ndax lee ma xam

Loolu du tee may jàng togg tey léggéey

Tey moytu jëw ak fenn di moytu wax ju géey

Man fim ne nii Yāsīn ba suuf xam naa ko

Jawartu it bu yàgg mokkal naa ko

Saa su ma ndéy yonnee ma dem tey gaawtu

Duma ko xultu wàlla may yéexantu

[Page 31]

Daay root di wut lu baax di sàkkuy xam-xam

Tey muuru tey nafar bu wér saay xam-xam

Saa su ma déggee genn noddu daa di jóg

Bàyyi la may def duma jànnit ku ma mag

Ay taas mbaa ay way yu neex ci sama xol

Déglu mbindub Sëriñ bi moo ma leen gënal

Saa kàddu it kenn du ko dégg muy kawé

Sëriñ bu mag bi man ci li la may nawe

Man duma seetaan lu ñu sib ngir Yàlla

Xam naane topp ay ndigël mooy fulla

Bu ëllëgee Yawma l-Qiyām man bëgguma

Sama boroom kër di ma yay naan toppuma

Sawara man buy fees ci ay jigéen itam

Man fasu maa def lu waral ma di ca jëm

Mbooléem lu xew cig col wàllay dàll itam

Daay laaj ba xam bëggug Boroom la doora am

Man duma sol ser yu yaraax di genn

Wàlla lu seere ciw yaram daay tànn

Man ku ma bëgg it damay xool ay jikkoom

Bu sellalul ma muñ ko xaar ku Sëñ bi yéem

IH (intahā), 14 Jumādā al-thānī

1432 H, Ṭ-D-M